maximizing their creative potential. The article presents methods for creating a reliable and safe environment, empathy and emotional resonance, visualization and psychological imagination, and strategies for effectively organizing the creative process on stage through stress management. The research results show that a successful director acts not only as a stage designer but also as a semi-psychologist, as the actor's mental state and creative capabilities directly influence the final result on stage.

## DÍQQAT - DÓRETIWSHILIK MATERIAL TOPLAWDÍŃ QURALÍ SÍPATÍNDA BAQLAWDÍ ÚYRENIW

**R.J.Usnatov** – *«Muzıkalı teatr óneri» kafedrası baslıǵı, professor w.w.a*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat instituti*

**Tayanısh sózler:** aktyor, dıqqat, baqlaw, oyshań, albıraw, kórkem óner, saxna, tekst, háreket, waqıya, hádiyse, minez-qulq, qásiyet.

**Ключевые слова:** актёр, внимание, наблюдение, задумчивый, растерянный, играющая дуга, сцена, текст, действие, событие, инцидент, поведение, черта.

**Key words:** actor, attention, observation, thoughtful, confused, performing arc, stage, text, action, event, incident, behavior, trait.

Aktyor basqa kúndelik shınıǵıwlar menen bir qatarda dıqqat penen baqlawshılıqtı ózinde rawajlandırıw kerek. Ol, óziniń hámde basqalardıń júris-turısında, ıqtıyarsızlıq ráwishte islengen jumıslarda sáwlelengen jasırın sebep hám maqsetlerdi túsinip, belgilep alıwı kerek.

Baqlawshılıq bolajaq aktyor ushın dıqqattı rawajlandırıw sıpatında hámde dóretiw ushın materialdı toplawǵa kerek. «Ómirdi baqlawda-degen edi, Stanislavskiy - aktyor átirapında ápiwayı esinen ayrılǵan adam bolıp emes, yaki tek ǵana esap maǵlıwmatlardı toplaytuǵın buxgalter bolıp emes, bálki-adamlardıń sharayatınan kelip shıǵıp isleytuǵın jumısların, qılmısların túpten gúzetip, dıqqat penen úyreniwi lazım. Bul haqıyqıy qızıǵıwshı dóretiwshige tán». [1.125] Pedagog baqlawshılıqtı tamasha sıpatında emes, bálki olardı háreketdey túsiniwleri kerek ekenligin studentlerden talap etiwi kerek. Yaǵnıy, qızıqlı hádiyselerdi baqlawı, ómirdegi waqıyalardı, adamlardıń minez-qulıqların úyrenip, olardı tıńlap, baha berip, óz jumısında paydalanıwdı úyretiwi kerek. Dıqqat hám baqlawshılıq shınıǵıwlarında pedagog turaqlı túrde studentler qıyalın rawajlandırıp, olardıń dıqqatın hár qıylı gáp satıwdan azat etip, hárekette parasatlı sezimlerdi iyelewge baǵdarlaw kerek. Studentler, átirapdaǵı waqıya-hádiyselerdi baqlaw, olardı kórip túsiniw, olardıń tek ǵana sırtqı jaǵdayın emes, bálki ishki obyektiv nızamlıqların túsine biliw, baqlanıp atırǵan adamnıń minez-qulqın anıqlaw, tereń talqılap, onıń kásiplik ádetlerin tolıq úyreniw sıyaqlı áhmiyetli máselelerge barlıq itibarın beriwi lazım. [2] Shınıǵıwlar waqtında studentler, baqlaǵan adamlardıń háreketlerin, minez-qulqı qásiyetlerin kórsetedi. Bul bólimde biz studentlerden baqlaǵan adamdı «tolıq halda» emes, bálki bul basqıshtıń birinshi gezeginde onıń sırtqı ózine tánligin baqlawdı úyretemiz. Eń áwele baqlanıp atırǵan adamnıń tek ǵana ózine tán xarakterli minezin tabadı. Mısalı: júris-turısı hám ózin tutıwına itibar bergen maqul. Studentler, basında uyalıp keyin shın kewli menen baqlaǵan adamların kórsetip beredi. Biziń kóz aldımızda hár qıylı adamlardıń «júrisleri, ózin tutıwları» payda boldı hám bul adamlardıń simvollarınan olardıń ishki dún'yası kórine baslaydı. Mısalı, alıs awıldan kelgen qız. Ol, oyshań, albırawda, waqtı-waqtı menen qolındaǵı qaǵaz bólegine qarap qoyadı, qaǵazda ol baratuǵın adres jazılǵan, biraq ol, tolı qalanıń shawqımınan tınıshsızlanıp atır. Latın álipbesinde jazılǵan kósheniń atın oqıy almastan, basqa kóshege ótip ketedi. Mine endi saxnada sawlatlı ózine isengen adam payda boldı. Ol, asıqpastan uyqıǵa jatar aldınan seyil etip júr. Saxnada

bálent óksheli tuflida, bir túrdegi ritmde terbelip bir qız shıǵıp keledi. Toqtap zalǵa názer taslaydı. Óziniń názeri menen hámmeniń dıqqatın ózine qaratıwdı qáleydi. Saxnaǵa basına tabaq qoyıp alıp, shontańlap, jası ótken hayal shıǵadı. Hayal átirapqa alańlap, qay jerge barıwı kerekligin anıqlaydı. Oramalınıń ushı menen júzindegi, moynındaǵı terin sıpırıp qoyadı. Kerekli orındı anıqlaǵannan soń, shıǵıp ketedi. Endi saxnaǵa jas qız juwırıp shıǵadı. Ol, zalǵa qarap toqtap qaladı hám kóz aldına vitrinaǵa ildirip qoyılǵan dizimdi kózden keshiredi. Biz bul abiturientlerdiń dizimi ekenligin túsinip alamız. Dizimde atın taba almaǵannan keyin, qızdıń láblerí isinedi, lekin, ómir ele aldında ekenligin túsinip, ókinbesten kúlip shıǵıp ketedi. Onnan keyin saxnaǵa bir turpayı jigit juwırıp shıǵadı, onıń kiseleri almaǵa tolǵan. Tez-tez dem alısınan onıń arqasınan birew quwǵanı bilinip tur. Ol, jan-jaǵına alańlap, heshkim artınan kelmey atırǵanlıǵına isengennen soń, jerge otırıp ráhátlenip alma jey baslaydı. Birden dıqqattı kimnińdur ayaq dawısları bóledi, jigit ornınan ushıp turıp qashıp ketedi. Onıń artınan shapkasın mıjımırlap, zir-zir etip, ashıwlanıp bir bala shıǵıp keledi, onıń bası iyilgen. Ara-arasında murnın tartıp hám bir qolı menen murnın sıpırıp qoyadı. Balanıń kelbetinde urısqaq mektep oqıwshısınıń súwreti kórinip turadı. Ol, dákki jemew ushın kósheni baqlaydı hám qashıp ketiwge jol izleydi. Miyinde sarıplaǵan pulların esaplap, magazinnen satıp alınǵan nárselerin kótergen erkek shıǵıp keledi. Ol, toqtap, qolındaǵı júklerin páske qoyıp, bir nárseni barmaqları menen esaplap kóredi. Qalǵan pulın kórmekshi bolıp, shıjlan qaltasın almaqshı boladı hám birden onı kassanıń aldında umıtıp qaldırǵanı esine túsedi. Áne, endi saxnaǵa biymálel qádem taslap, qara kózáynek taqqan, qolında mashinanıń gilti ilingen shınjırdı aylandırıp, oynap, awzında tis tazalaǵıshlı bir jigit shıǵıp keledi.

Saxnanıń aldına jaqınlaǵannan keyin, ol áste kózáynegin alıp tamashagóyler otırǵan zalǵa qarap turadı, tap bir dúkannan kerekli nársesin izlep atırǵanday. Lekin, kewline unaǵan zatın tappay, eńsesi túsip, kózáynegin taǵıp shıǵıp ketedi. Bunday shınıǵıwlardı orınlap atırǵanda zıyat mayda-shúyde háreketlerdi kórsetpesten, olardı alıp taslap, ózine tán minez-qulıqtıń tipikligin belgilep beretuǵın háreketlerden paydalanıw kerek. Dóretiwshi aktyor baqlap atırǵan adamlardıń ózine tán ulıwmalıqların bizge jetkizip bere alǵan jaǵdayda tamashagóy bul kelbetti aldın kórgen, tanıs yaki bolmasa pútkilley biytanıs adam dep ajıratıp aladı. [3] Tómendegi shınıǵıw «Haywanat hám Quslar dúnyasında» dep ataladı. Sebebi shınıǵıwda haywanat dúnyası kórsetiledi.

Bul shınıǵıw aktyorda tek ǵana baqlawshılıq imkaniyatların keńeyttiredi, bálki studentlerdi qızıktırıp, olardı oyınǵa jıynaydı. Sonıń ushında bul shınıǵıwǵa hámme teatr mekteplerinde úlken itibar qaratıladı. Bunday shınıǵıwlar studentti qısılshańlıqtan azat etedi, shınıǵıwlar júdá qızıqlı, reńlilikke hám plastikaǵa bay boladı.

Haywanlardıń psixologiyalıq jaǵdayın kórsete turıp, biz adamlardıń yumorlıq hám satiralıq minez-qulqında da kórsetiwimiz múmkin. Kórkem óner institutında studentler haywanlar minez-qulqın, háreketlerin kórsetiw arqalı olardıń adamlarǵa uqsas táreplerinde kórsetiwge háreket etedi. Adam-haywan kelbetinde payda boladı. Student, bunday shınıǵıwlar fizikalıq hámde psixologiyalıq basımnan azatlıq, studentlerdi saxnada ózlerin erkin seziwlerine járdem beredi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. Stanislavskiy K.C. Sobr. Soch.: v 8-mi tt.- M., 1954-1961.
2. Yershov P. «Logika slovesnix i besslovesnix deystviy»
3. K.S.Stanislavskiy. «Tanlangan asarlar». 2-jild, 125-b.

**REZYUME.** Maqalada teatr kórkem ónerinde tárbiyalanıp atırǵan jas aktyorlar dıqqat penen baqlawshılıqtı ózinde rawajlandırıw kerekligi. Sonday-aq, bolajaq aktyor ushın dıqqattı rawajlandırıw dóretiw ushın materialdı toplawǵa járdem beretuǵınlıǵı haqqında sóz júritiledi.

**РЕЗЮМЕ.** В статье обсуждается важность развития внимания и наблюдательности у молодых актеров, обучающихся театральной игре. Также подчеркивается, что воспитание